

Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas Matènèl

Done



Chè Paran,

Klas nou an ap kòmanse yon nouvo inite detid nan matematik ki rele *Done*. Inite detid sa pral montre elèv kòman pou konte epi swiv kantite, kòman pou reprezante yon gwoup done, epi verifye korespondans youn-ak-youn ant yon goup done ak reprezantasyon gwoup done a. Koleksyon done a pral bay elèv opòtinite tou pou konte pi gwo nonm e pratike konte pa dis. Elèv pral travay sou atribi ki idantifye yon objè epi itilize atribi sayo pou klase objè. Yo pral kapab konpare kòman objè yo menm jan oswa yo diferan. Elèv pral patisipe nan yon sondaj ki genyen de repons posib answit kolekte e swiv done sondaj yo. Anplis elèv pral kapab tire konklizyon sou sondaj ke yo te kolekte. Objektif enstriktif espesifik ke elèv pral travay sou li yo nan lis anba avèk egzanz sou travay elèv ki montre konpreyansyon yo nan chak objektif enstriktif.

Objektif Enstriktif: Klase objè an kategori epi eseye konte objè nan chak kategori yo.	
Egzanz Pwoblèm	Egzanz sou Solisyon Elèv
Klase balon yo daprè koulè yo epi ekri nonm balon nan chak gwoup.	 = 4 = 3 = 6 = 5
Konpare nonm balon ble avèk nonm balon wouj.	"Genyen plis balon ble ke balon wouj."
Objektif Enstriktif: Konte pa en rive sou 100, kòmanse nan nenpòt nonm epi eseye konte pa dis rive sou 100.	
Egzanz Pwoblèm	Egzanz sou Solisyon Elèv
Kòmanse nan 73 epi konte rive sou 100.	"73, 74, 75, 76, 77, 78, 79, 80, 81, 82, 83, 84, 85, 86, 87, 88, 89, 90, 91, 92, 93, 94, 95, 96, 97, 98, 99, 100"
Konte pa dis rive sou 100	"10, 20, 30, 40, 50, 60, 70, 80, 100"



Bagay ou kapab fè lakay pou ede pitit ou nan inite detid sa

- **Klase**

Pitit ou kapab klase koleksyon objè ou genyen lakay. Monnen, tenb, jwèt, resipyan, menm lesiv. Li kapab klase jis pou amizman oswa pou òganize kèk bagay lakay. Pandan pitit ou ap klase koleksyon yo, poze li kesyon sou klasman an: “Ki similarite ki genyen avèk sa ki anba yo?” Kòman ou kapab klase yo an gwoup?” Ki eleman ki menm jan nan tout sayo?” Eske ou te kapab klase yo nan yon lòt fason?”

- **Sondaj**

Nan inite sa, elèv kondui pwòp sondaj yo. Ede pitit ou pran yon sondaj nan fanmi ou, zanmi oswa vwazen ou. Pitit ou kapab chwazi yon kesyon ki enterese li, kreye yon fèy pou anrejistre repons moun, poze moun kesyon, epi anrejistre repons yo. Apresa poze pitit ou kèk kesyon sou rezilta sondaj la. Pa egzanp, mande: “Kisa ou te jwenn? Konbyen moun ki te di yo te renmen oseyan? Konbyen moun ki pa te renmen oseyan? Eske plis moun renmen oseyan ke moun ki pa renmen li? Eske ou te sipriz de repons moun yo?”

- **Konte pou Kolekte Done**

Ou kapab ankouraje pitit ou pou kolekte done sou kantite yon sèten atik lakay ou: Konbyen fouchèt ou genyen? Konbyen fenèt? Konbyen chèz? Konbyen pye ki genyen lakay ou?

- **Matematik ak Literati**

Ou kapab jwenn liv sayo nan bibliyotèk piblik lokal ou e li yo ansanm avèk pitit ou.

- Grandma’s Button Box (Math Matters) by Linda Williams Aber
- This is the Way We Eat Our Lunch by Edith Bear
- More or Less a Mess by Shelia Keenan
- The Best Vacation Ever by Stuart Murphy
- Sorting (Math Counts) by Henry Arthur Pluckrose

- **Manchèl Matematik pou Elèv**

Sonje pou refere Manchèl Matematik Elèv la ki disponib an po di oswa elektwonikman nan Angel. Manchèl Matematik Elèv la pral bay enfòmasyon adisyonèl sou estrateji enstriksyonèl pou asiste elèv avèk devwa oswa direksyon sou kòman pou jwe jwèt ke elèv ap travay sou yo a nan klas yo.

